ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ПРЕЗИДИУМЫНЫҢ ҚАРАРЫ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ЖЎҚОРҒИ КЕНГЕСИ ПРЕЗИДИУМИНИНГ ҚАРОРИ

Қарақалпақстан Республикасында юридикалық ҳәм физикалық шахслардың аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлерине 2022-жыл ушын жер салығы ставкаларын белгилеў ҳаққында

2022-жылда жергиликли бюджет прогнозларының орынланыўының турақлылығын ҳәм дәраматларының асырылыўын тәмийинлеў мақсетинде қала ҳәм районлар бойынша аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын салық ставкаларына кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерди қоллаў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 2-декабрьдеги 01-05/9-12/621-санлы усыныс хатын инабатқа алып, Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 429- ҳәм 437-статьяларына ҳәм де «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 8-статьясы 19-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Президиумы

ҚАРАР ЕТЕДИ:

1. Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик салық басқармасы ҳәм Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2021-жыл 8-ноябрьдеги №06/04-01-32/2248-санлы ҳәм де №19/10-68220-санлы қоспа хаты тийкарында жер салығының әмелдеги ставкаларын 1,07 есеге индексациялаў усынысы қабыллансын.

2. Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 429- ҳәм 437-статьяларына муўапық 2022-жылы аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын жер салығының әмелдеги базалық ставкасын физикалық тәреплер ушын 1,06 коэффицентке, юридикалық тәреплер ушын 1,07 коэффицентке индексациялаў, сондай-ақ қала ҳәм районлар кесиминде *(физикалық ҳәм юридикалық тәреплер ушын)* олардың экономикалық раўажланыўына қарап жер салығы ставкасын 0,5 тен 2,0 ге шекем кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерин қолланыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң усынысы мақуллансын.

3. 2022-жылы қала ҳәм районларда аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын:

- юридикалық тәреплер бойынша бирден-бир муғдарда 1 гектар ушын белгиленген базалық салық ставкасы ҳәм қолланылатуғын кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлери 1-қосымшаға муўапық;

- физикалық тәреплер бойынша бирден-бир муғдарда 1 кв.метр ушын белгиленген базалық салық ставкасы ҳәм қолланылатуғын кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлери 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслерине:

- Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен 2022-жыл ушын белгиленген жер салығы ставкаларына қала, район аймақларындағы аўыллар, массивлер, мәҳәллелер ҳәм көшелер кесиминде 0,7 ден 3,0 ке шекем кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерди қолланыў бойынша қарар қабыл етиў ҳәм қабыл етилген қарарларын салық уйымларына жеткериў:

- 2022-жыл физикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы (туристлик зоналарда жайласкан жер участкалардан тысқары) ставкасына 2021-жыл ушын есапланған салық суммасының 1,3 есесинен аспаған ҳалда коэффициентлерди қолланыўды нәзерде тутыў тапсырылсын.

5. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси (Қ.Сариев) қала ҳәм районларда юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң ийелеген жер участкаларына салық ставкаларының дурыс қолланылыўы бойынша турақлы қадағалаў орнатсын.

6. Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик салық басқармасына (Х.Бекчанов) халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен 2022-жыл ушын белгиленген салық ставкалары бойынша жер салығы төлеўшилерин өз ўақтында хабарландырыў ҳәм салықлардың белгиленген мүддетлерде өндирилип барылыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

7. Усы қарар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гезектеги сессиясына тастыйықлаў ушын усынылсын.

8. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қ.Сариевқа ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының орынбасары А.Давлетовқа жүкленсин.

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы **М.Камалов**

Нөкис қаласы, 22-декабрь 2021-жыл
№ 555

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси Президумының
2021-жыл 22-декабрьдеги
555-санлы қарарына
1-қосымша

2022-жыл қала ҳәм районларда аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын **юридикалық тәреплер** бойынша бирден-бир муғдарда **1 гектар ушын** белгиленген базалық салық ставкасы ҳәм қолланылатуғын кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлери

№	Қала ҳәм районлар	Коэффицент муғдары	2022-жыл ушын Жер салығы ставкасы (мың.сўмда)
1.	Нөкис қаласы	1,10	30800,0
2.	Әмиўдәрья районы	1,10	30800,0
3.	Беруний районы	1,10	30800,0
4.	Бозатаў районы	1,00	28000,0
5.	Кегейли районы	1,00	28000,0
6.	Қанлыкөл районы	1,00	28000,0
7.	Қараөзек районы	1,00	28000,0
8.	Қоңырат районы	1,00	28000,0
9.	Мойнақ районы	1,00	28000,0
10.	Нөкис районы	1,00	28000,0
11.	Тақыятас районы	1,00	28000,0
12.	Тахтакөпир районы	1,00	28000,0
13.	Төрткүл районы	1,10	30800,0
14.	Хожели районы	1,10	30800,0
15.	Шоманай районы	1,00	28000,0
16.	Шымбай районы	1,00	28000,0
17.	Елликқала районы	1,10	30800,0

Қосымша: Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен юридикалық тәреплер ушын жер салығы ставкасын аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары ҳәмде көшелер кесиминде олардың экономикалық жақтан раўажланыўына қарап, 0,7 ден 3,0 ке шекемги кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерин белгилейди.

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси Президумының
2021-жыл 22-декабрьдеги
555-санлы қарарына
2-қосымша

2022-жыл қала ҳәм районларда аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын **физикалық тәреплер** бойынша бирден-бир муғдарда **1 кв.метр ушын** белгиленген базалық салық ставкасы ҳәм қолланылатуғын кемейттириўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлери

№	Қала ҳәм районлар	Коэффицент муғдары	2022-жыл ушын Жер салығы ставкасы (сўмда)
1.	Нөкис қаласы	1,10	286,0
2.	Әмиўдәрья районы	1,10	286,0
3.	Беруний районы	1,10	286,0
4.	Бозатаў районы	1,00	260,0
5.	Кегейли районы	1,00	260,0
6.	Қанлыкөл районы	1,00	260,0
7.	Қараөзек районы	1,00	260,0
8.	Қоңырат районы	1,00	260,0
9.	Мойнақ районы	1,00	260,0
10.	Нөкис районы	1,00	260,0
11.	Тақыятас районы	1,00	260,0
12.	Тахтакөпир районы	1,00	260,0
13.	Төрткүл районы	1,10	286,0
14.	Хожели районы	1,10	286,0
15.	Шоманай районы	1,00	260,0
16.	Шымбай районы	1,00	260,0
17.	Елликқала районы	1,10	286,0

Қосымша: Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен физикалық тәреплер ушын жер салығы ставкасын аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары көшелер ҳәм массивлер кесиминде экономикалық жақтан раўажланыўына қарап 0,7 ден 3,0 ке шекемги кемейиттириўши ҳәм арттырыўшы коэффицентлерин белгилейди.